**МКОУ «Садовая СОШ»**

**РЕКОМЕНДОВАНО**
Руководитель М.О.
Хизриева У.Х.
Протокол № 5 от
«16» 06 2023 г.

**СОГЛАСОВАНО**
Заместитель директора по УВР
/Рамазанова А.А
Протокол№ 5 от.
«17» 06 2023

**УТВЕРЖДЕНО**
Директор МКОУ Садовая СОШ «»
/Салаватова И.М../
Приказ № 11 от
«30» 08 2023 г.

# Рабочая программа

# по родной (аварской) литературе

# 8 кл.

**Авторы :Г.Г Гажиев Г.Г.Абдулатипов**

**Просвещение 2013**

**Всего часов -34**

**2ч .в неделю**

**Учитель: Темирова П.Г.**

2023-2024 уч.год

## ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

Программа хIадур гьабулаго, кьочIое росун руго Аслияб школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандарт1, гьединго Тарбия кьеялъул мисалияб программаялъулъ2 загьир гьарурал цIикIкIараб кIваралъул мурадал ва масъалаби.

Программаялъ аслияб школалда стандарталъ бихьизабураб авар мацI малъиялъул мурадалда рекъон стандарталъул хIасил рагьула ва рагIа-ракьан бахъун мухIканлъизабула, гьединго цIалул предметалдалъун цIалдохъабазе лъай ва тарбия кьеялъул нух бихьизабула.

Программа ккола мисалияб, ва гьеб хIисабалде босула авар мацIалъул программаби ва учебникал хIадур гьарулел автораз, ай гьелъул кьучIалда гIуцIизе бегьула хIалтIул программаби ва цIалул тIахьал.

Аслияб школалда авар мацI лъазабула гьал хадусел аслиял мурадазде щвезе:

– маданияталъул бутIа хIисабалда мацIалдехун хIакъикъияб, бичIчIи бугеб бербалагьи гьаби;

– обществоялъ къабул гьабурал рухIиялгин эстетикиял нормаби лъазариялъеги, инсанасул гIумруялъул киналго рахъазул хIакъалъулъ лъай щвезабиялъеги, цоцазулгун гьаркьоблъи (ай бухьен) гьабиялъеги рахьдал мацIалъ квербакъулеблъи бичIчIи;

1 Федералияб стандарт тасдикъ гьабун буго Россиялъул Федерациялъул лъай кьеялъул министерствоялъул приказалдалъун кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул лъебералда цоабилеб маялда, № 286 (Россиялъул Федерациялъул юстициялъул министерствоялъ гьелъул регистрация (хъвай-хъвагIай) гьабун буго кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул щуабилеб июлалда, № 64100

2 Тарбия кьеялъул мисалияб программа тасдикъ гьабун буго гIаммаб лъай-кьеялъул федералияб цIалулгун методикияб цолъиялъул хIукмуялда рекъон (кIиазаралда къоабилеб соналъул кIиабилеб июналда хъвараб протокол, № 2/20).

– рахьдал мацӀалъул эстетикияб бечелъи (ай рахьдал мацӀалъул берцинлъи, гьайбатлъи, чӀурканлъи) бичӀчӀи;

– щибаб къойилаб гӀумруялъулъги цӀалулъги хӀалтӀизабизе бажарулеб куцалда рахьдал мацӀ лъазаби; калам камиллъизабизе, каламалдалъун цоцада ричӀчӀизе ва цоцада гьоркьоб бухьен чӀезабизе бугеб бажари цебетӀезаби; цӀалиялда хурхарал батӀи-батӀиял хӀалтӀаби гьаризе гъваридго мацӀ лъай (ай мурад лъезеги, план гӀуцӀизеги, жиндирго каламалда хадуб халкквезеги, каламалъулъ риччарал гъалатӀал ритӀизаризеги бажари).

– фонетикаялъул, лексикаялъул, рагӀи лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул хӀакъалъулъ лъай щвей; жамгӀияб гӀумруялда жаниб гьелъул кӀваралъул хӀакъалъулъ баянал кьей, битӀунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул бажари камиллъизаби, лъималазул рагӀул нахърател бечелъизаби.

Рахьдал мацӀ лъазабиялда церечӀарал масъалабилъун ккола:

– батӀи-батӀиял лингвистиял словараздаса ва цогидалги источниказдаса къваригӀарал баянал роси ва гьел кьучӀдасанго хиси;

– мацӀалъул гӀуцӀиялъул ва гьеб дандекколеб куцалъ хӀалтӀизабиялъул, гьелъул стилистикияб рахъалъ бугеб бечелъиялъул ва литературияб мацӀалъул аслиял нормабазул хӀакъалъулъ щулияб лъай щвей;

– мацӀалъулъ кколел хиса-басиязе къимат кьезе, гьезул анализ гьабизе, гьел дандеквезе, ратӀарахъизе ва тӀелазде рикьизе бугеб бажари цебетӀезаби;

– кӀалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, батӀи-батӀияб ахӀвал-хӀалалъулъ мацӀ хӀалтӀизабиялъул къагӀидаби, каламалъул этикаялъул нормаби щулаго лъазари;

– активияб ва тӀатине бегьулел (потенциалиял) рагӀабазул нахърател бечелъизаби;

– каламалъулъ хӀалтӀизабулеб грамматика къадаралъул, объёмалъул рахъалъ кӀодо гьаби;

– цӀалиялда хурхарал хӀалтӀаби гьарулаго, щвараб лъаялдаса ва лъугьараб бажариялдаса пайда босизе бугеб махщел камиллъизаби.

## Курсалъул гӀаммаб характеристика

Аслияб школалда авар мацӀалъул курс буссун буго напсиял,

метапредметиял ва предметиял хӀасилал тӀуразариялде. Гьединаб мурадалде щола цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацӀги, культураги щвалде щун лъаялъ. ЦӀалдохъабазда гъваридго лъазе ккола кӀалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, гьезда бажаризе ккола гӀумруялъулъ кӀвар бугел бакӀазда мацӀалдаса пайда босизе. Гьезие щвезе ккола жамгӀияб бечелъи ва мацӀалъул система хӀисабалда мацӀалъулги, гьелъул гӀуцӀиялъулги, гьеб цебетӀезабиялъулги хӀакъалъулъ чара гьечӀого къваригӀарал баянал; гьезда щулаго лъазе ккола авар литературияб мацӀалъул аслиял нормаби, цӀалдохъабазул калам бечелъизе ккола грамматикияб гӀуцӀиялъул ва рагӀабазул нахърателалъул рахъалъги; гьезда бажаризе ккола батӀи-батӀиял лингвистикиял словараздаса пайда босизеги, мацӀалъулъ кколел хиса-басиязе къимат кьезеги, гьезул анализ гьабизеги. ЦӀалдохъабазда бичӀчӀизе ккола мацӀ миллияб культура загьир гьабулеб формабазул цояб кколеблъи, мацӀалдаги тарихалдаги гьоркьоб бугеб бухьен ва рахьдал мацӀалъул миллиябгин культураялъул хаслъи; гьезда лъазе ккола каламалъул этикаялъул нормаби ва лъилгунниги гьоркьоблъи гьабиялъул культураги.

Лъай бугев цӀалдохъанлъун вахъизе кумек гьабула метапредметиял статус бугел гьал хадусел хӀалтӀабаз:

цӀалиялда хурхарал батӀи-батӀиял коммуникативиял хӀалтӀаби (каламалъул батӀи-батӀиял тайпаби лъазе, гӀел бащадазулгунги цӀикӀкӀаразулгунги пайдаяб калам (гара-чӀвари) гьабизе; кӀалзул ва хъвавул калам лъикӀ бичӀчӀизе, лъураб суалалда тӀасан тӀубанго, битӀун, дурусго ва пасихӀго жиндирго пикру загьир гьабизе, хурхен гьабулаго, хъвавул ва кӀалзул каламалъул аслиял нормаби ва каламалъул этикаялъул къагӀидаби цӀунизе ва гь.ц.);

цӀалиялда хурхарал батӀи-батӀиял нахъгӀунтӀиялъулал хӀалтӀаби (суалалъе къокъго ва мухӀканго баян кьезе, далил бачун бихьизабизе, жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе; жиндирго ритӀухълъи хӀужжабаздалъун чӀезабизе; батӀи-батӀиял источниказдаса чара гьечӀого къваригӀараб информация босизе; аслияб информация аслияб гурелдаса батӀабахъизе; коммуникативияб мурадалда бан, цӀалиялъул тайпа

тIасабищулаго, цIалиялъул мурад бичIчIизе, информация балагьиялъул методал хIалтIизаризе; информация цIидасан къачIазе, системаялде бачине ва батIи-батIиял къагIидабаздалъун бихьизабизе ва гь.ц.);

цIалиялда хурхарал батIи-батIиял регулятивиял хIалтIаби: (жинца гьабулеб хIалтIул мурад лъезе ва гьелъие баян кьезе; гьабулеб хIалтIул тартибалъул план гьабизе ва нагагь хIажалъани гьеб хисизабизе; гьабураб хIалтIул жинцаго хал гьабизе, гьелъие къимат кьезе ва гь.ц.);

Гьеб хIалалда, авар мацIалъул курсалъул аслияб куцалда кIвар буссун буго литературияб мацIалъул нормабиги лъалев, жиндирго пикру ва рекIел хIал эркенго кIалзул ва хъвавул формаялда загьир гьабизеги бажарулев, цогидазда кIалъалаго этикиял нормабиги цIунизе лъалев тарбия щварав инсан гIезавиялде.

Авар мацIалъул курс цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацIги, культураги щвалде щун лъаялъул мурадалде буссараб букIин бихьизабулеб буго гьеб курсалъул гIуцIиялъги. Гьениб щибаб классалда кьураб материал бикьун буго кIиго бутIаялде.

ТIоцебесеб бутIаялда кьун буго цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизе ругьун гьариялъул материал. Гьеб бутIаги гIуцIун буго гьал хадусел разделалдасан: «МацIалъул хIакъалъулъ гIаммаб баян», «МацI ва калам», «МацI ва культура», «Калам хIалтIизаби», «Текст», «МацIалъулхъулухъ».

КIиабилеб бутIаялда кьураб материалалъ цIалдохъабазе мацI лъазабизе кумек гьабула. Гьеб бутIаялда гъорлъе уна гьал хадусел разделал: «Фонетика ва орфоэпия. Графика», «Морфемика ва рагIи лъугьин», «Лексика ва фразеология», «Морфология», «Синтаксис», «БитIунхъвай: орфография ва пунктуация».

Гьел разделалги гьадин рикьун лъазарулел руго: 5, 6 ва 7 классазда малъула фонетика ва орфоэпия, морфемика ва рагIи лъугьин, лексика ва фразеология, морфология ва битIунхъвай. Синтаксис лъазабула 8 – 9 классазда: рагIабазул дандрай ва гIадатаб предложениялъул синтаксис – 8 классалда, жубараб предложениялъул синтаксис – 9 классалда. Амма синтаксисалъул хIакъалъулъ бищун гIадатал (авалиял) баянал 5 классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьучIалда лъазабизе, калам

цебетӀезабиялъул ва пунктуациялъул хӀалтӀаби гьаризе рес букӀине. Гьеб материалги программаялда линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьочӀое босун, «Лексика», «РагӀи лъугьин», «Предметияб цӀар» гӀадал темаби 5 ва 6 классазда, «Глагол» 5, 6 ва 7 классазда кьун руго. ХутӀарал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гъваридго ва гӀатӀидго. Гьединго программаялда дандчӀвала байбихьул классазда лъималаз лъай-хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби гӀатӀидго малъизе ккола.

Рахьдал мацӀ лъазабулаго, тӀадехун рихьизарурал бутӀабазулъ кьураб материалалда гьоркьоб щулияб бухьен букӀине ккола. Масала, курсалъул разделал малъулаго, гьезул щибалда жаниб бугеб грамматикияб материал лъазабиялда цадахъ цӀалдохъабаз хӀаракат бахъула калам камиллъизабизеги, цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизе бугеб бажари цебетӀезабизеги, миллиябгин культурияб бечелъи хӀисабалда рахьдал мацӀалъул хӀакъалъулъ бугеб бичӀчӀи гъварилъизабизеги

**8 КЛАСС**

## МацӀ ва калам. МацӀ гӀадамазда гьоркьоб бухьен гьабиялъул алат хӀисабалда

Авар мацӀ аваразулгун гӀандисезул мацӀазул цояб ккей.

Текст ва гьелъул аслиял гӀаламатал. Хабариял, сипатиял ва пикриял текстазул хаслъаби.

Ишалъулаб стиль. Баяналъулаб (баян кьураб) кагъат. Автобиография. Характеристика.

**Синтаксис ва пунктуация**

МацӀалъул бутӀа хӀисабалда синтаксис. Синтаксисалъул бутӀаби: рагӀабазул дандрай ва предложение. Синтаксисияб бухьен: сокӀкӀиналъулаб бухьен, нахъбилълъиналъулаб бухьен (гӀаммаб бичӀчӀи кьей). Пунктуация. Лъалхъул ишарабаз тӀубалеб хъулухъ.

**РагӀабазул дандрай**

РагӀабазул дандраялъул аслиял гӀаламатал: кӀиго я цӀикӀкӀун рагӀул цолъи ва гьезда гьоркьоб нахъбилълъараб бухьен букӀин. Аслияб рагӀухъ балагьун, рагӀабазул дандраялъул тайпаби: глаголиял, цӀарулал ва

наречиязулал. РагІабазул дандраялъулъ рагІабазда гьоркьоб бугеб нахъбилълъиналъулаб бухьеналъул тайпаби: рекъонккей, управление, примыкание (лъай-хъвай гьаби). РагІабазул дандраязул синтаксисияб анализ.

**Предложение**

Предложение ва гьелъул гІуцІи. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабариял, тІалабиял ва суалиял. АхІул предложение. Гьезул интонациялъулъ ва магІнаялъулъ ругел хаслъаби. Предложениязулъ рагІабазул тартиб. Логикияб (магІнаялъулаб) ударение. БетІерал членазул къадаралде балагьун, гІадатал предложениязул тайпаби: цо составалъулал, кІиго составалъулал, лъабго составалъулал. Жиделъ бетІерал гурел членал рукІиналде ва рукІунгутІиялде балагьун, предложениязул тайпаби (тІиритІарал ва тІиритІичІел предложениял). ТІурарал ва тІурачІел предложениял. ТІурачІел предложениял диалогалъулъ, тІурачІел предложениязул интонация.

**Лъабго составалъулал предложениял. Предложениялъул бетІерал  членал**

Предложениялъул бетІерал членал хІисабалда подлежащее, сказуемое ва битІараб дополнение.

Подлежащее. Подлежащеелъун батІи-батІиял каламалъул бутІаби ккей.

Подлежащеялъул падежиял формаби.

Сказуемое. ГІадатаб сказуемое. Составияб сказуемое: цІарулаб составияб сказуемое, глаголияб составияб сказуемое. Сказуемоелъун кколел каламалъул бутІаби.

Подлежащеялдаги сказуемоялдаги гьоркьоб тире.

БитІараб дополнение. БитІараб дополнениелъун кколел каламалъул бутІаби. Аслияб падежалда бугеб подлежащеялдаги битІараб дополнениялдаги гьоркьоб батІалъи.

**Предложениялъул бетІерал гурел членал**

Хъвалсараб дополнение. Хъвалсараб дополнениелъун кколел каламалъул бутІаби.

Определение. Определениелъун кколел каламалъул бутІаби. Рекъон ккарабги ва рекъон ккечІебги определение. Цадахълъел. Цадахълъелазулъ лъалхъул ишараби.

ХIал. МагIнаялде балагьун, хIалазул тайпаби: заманлъун, бакIлъун,

ишалъул куцлъун, гIилла-мурадлъун кколел хIалал.

**Цо яги кIиго составалъул предложениязул тайпаби.**

Цо яги кIиго составалъул предложениял ва гьезул грамматикиял

гIаламатал. Подлежащее гIаммаб предложение. Подлежащее гьечIеб

предложение. БитIараб дополнение гьечIеб предложение. ЦIарлъовул

предложение.

**Тайпа цоял членалгун предложениял**

Предложениялъул тайпа цоял членал, гьезул гIаламатал, гьел

цолъизариялъул алатал. Союзазул кумекалдалъун, союзал гьечIого, гIицIго

интонациялъул кумекалдалъун предложениялъул тайпа цоял членал

цолъизари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. Тайпа цоял членалгун

гIамлъул рагIаби ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

**ХитIабгун, гьоркьор ккарал рагIабигун, У ва ГУРО рагIабигун ва  междометиялгун предложениял**

ХитIаб. ТIибитIараб ва тIибитIичIеб хитIаб. ХитIабалъул аслияб

хъулухъ. ХитIабалда цадахъ лъалхъул ишараби.

Гьоркьор ккарал рагIаби, предложениял ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

У ва гуро рагIабигун ва междометиялгун предложениял ва гьезулъ  лъалхъул ишараби.

**РатIалъизарурал членалгун предложениял**

РатIалъизарурал членазул хIакъалъулъ бичIчIи кьей.

РатIалъизарурал определениял ва цадахълъелал.

РатIалъизарурал хIалал. ХIалал дурус гьаризе хIалтIизарулел рагIаби ва

рагIабазул дандраял.

РатIалъизарурал членазда цадахъ хасал рагIаби.

РатIалъизарурал членазулъ лъалхъул ишараби.

Лъалхъул ишараздалъун междометиял ратIа гьари

## Авар адабият 8 класс

| № п/п | Темы | часы | д/з | По плану | Факт |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Гъорлъе лъугьин. Художественнияб калам. | 1 | Гьум. 3-4 (учебн.) | 7.09 | |
| 2 | Халкъияб к1алзул гьунар.<br>Хиянатчи | 1 | Гьум 3-9<br>Гьум 9-10 (учебн.) | 14.09 | |
| 3 | Хочбар | 1 | Гьум 9-16 п/ц1.<br>Кесек рек1ехъе лъазабизе | 21.09 | |
| 4 | Калам цебет1езаби. Хочбарил образ. Сочинение | 1 | | 28.09 | |
| 5 | <u>XIX г1асруялъул адабият.</u><br>Лекция | 1 | Гьум. 20-21 (учебн.)<br>Гьум 17-20 | 5.10 | |
| 6 | Имам Гъазимух1амад ч1ваялде | 1 | Гьум 35-40 (учебн.) | 12.10 | |
| 7 | Инхоса Г1алих1ажияв Гьекъел-мехтел | 1 | Гьум 22-25 | 19.10 | |
| 8 | Исрапчиясде<br>Ракь | 1 | Гьум 26-27<br>Гьум. 27 Рек1ехъе лъазабизе | 26.10 | |
| 9 | Элдарилав. Росу берцин | 1 | Гьум. 29-30 | 9.11 | |
| 10 | Жергъен гьартун ккана | 1 | Гьум 30-33<br>Гьум. 43-45 (учебник.) | 16.11 | |
| 11 | Бакьайч1иса Ч1анк1а.<br>Сайгидул Бат1алиде | 1 | Гьум. 35-55 | 23.11 | |
| 12 | Т1алх1атиде | 1 | Гьум 41-44<br>Гьум. 53-57 (учебн.) | 30.11 | |
| 13 | Хъах1абросулъа Мах1муд. Хъах1илаб зодихъе баг1арбакъул нур | 1 | Гьум. 46-49<br>Гьум. 68-69 (учебн.) | 7.12 | |
| 14 | Рокьул конторалъул кавуги рагьун | 1 | Гьум 49-51 | 14.12 | |
| 15 | Почтовой кагътиде керенги чучун | 1 | Гьум 51-55 | 21.12 | |
| 16 | Калам цебет1езаби. | 1 | | 28.12 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 17 | Инхелоса Къурбан. Наибзаби х1елун | 1 | Гьум. 58-60 | 11.01 | |
| 18 | Борхатаб маг1арда<br><br>Бахъа, къалам. Г1енекке йокьулей | 1 | Гьум. 60-64 | 18.01 | |
| 19 | Дагъистаналъул халкъазул адабияталдаса.<br><br>Къалухъа Мирза<br><br>Ханасе жаваб.<br><br>Г1ашикъ-булбул | 1 | Гьум. 65-66 | 25.01 | |
| 20 | Йирчи Гъазахъ. Векьарухъанасул кеч1 | 1 | Гьум. 67. Рек1ехъе лъазабизе | 1.02 | |
| 21 | Ятим Эмин.<br><br>Васият<br><br>Къват1ул харбал ц1алк1улел херал руччабазде | 1 | Гьум. 68- 69 Рек1ехъе лъазабизе | 8.02 | |
| 22 | Мунги Ах1мад Паналъаяб дуниял<br><br>Шамилил суд | 1 | Гьум. 71<br><br>Гьум. 70-71 | 15.02 | |
| 23 | Класстун къват1исеб ц1али. Имам Шамил.(кино) | 1 | | 22.02 | |
| 24 | <u>XX г1асруялъул адабият</u><br><br>Ц1адаса Х1амзат<br><br>Айдемир ва Умайгьанат | 1 | XX г1асруялъул адабият<br><br>Гьум. 100-105 (учебн.)<br><br>Гьум. 72-94 | 29.02 | |
| 25 | Айдемир ва Умайгьанат | 1 | Гьум. 94-100 | 7.03 | |
| 26 | Айдемир ва Умайгьанат | 1 | | 14.03 | |
| 27 | Пьесаялъул анализ | 1 | Умайгьанатил монолог рек1ехъе лъазабизе | 21.03 | |
| 28 | Г1умруялъул дарсал | 1 | Гьум. 101-108<br><br>Суалазе жаваб кьезе | 4.04 | |
| 29 | Мух1аммад Хуршилов.<br><br>Сулахъалъ нуг1лъи гьабула | 1 | Гьум. 109-150 | 11.04 | |
| 30 | Боркьараб рагъ | 1 | Гьум. 150-173 | 18.04 | |
| 31 | Калам цебет1езаби | | | 25.04 | |
| 32 | Мух1аммад Шамхалов. Вац. | 1 | Гьум. 174-187 | 2.05 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 33 | Дагъисаналъул халкъазул адабияталдаса<br><br>Анвар Аджиев.<br><br>Бах1арчиясул куркьби<br><br>Юсуп Хаппалаев. Оцбай<br><br>Халкъияб кеч1<br><br>Муталиб Митаров.<br><br>Устар | 1 | Гьум. 188-200 | 9.05 | |
| 34 | Класстун къват1иб ц1али. | 1 | | 16.05 | |

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ VIII классалъул ц1алдохъабазда церелъолел аслиял т1алабал**

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

- льазарурал асаразул ва гьезул авторазул ц1арал;
- льазарурал асаразул аслиял темаби ва гьезул г1уц1иялъул хасал рахъал;
- льазарурал хабариял асаразул багьадуралги, гьез г1ахьаллъи гьа- булел лъугьа-бахъиназул рахасги;
- адабияталъул теориялдаса баянал;
- программаялда рихьизарун ругел текстал рек1ехъе лъазаризе

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

- хъвадарухъанас г1уц1арал лъугьа-бахъинал пикрудалъ гвангъун цереч1езаризе;

лъазабулеб асаралда жаниб;

- пикруябгун художествияб рахъ рагьизе сипатиял раг1абазул к1вар батизе;
- муг1алимас кьураб логикияб суалалда рекъон асаралъул багьаду- разул г1амал-хасият рагьизе;
- художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
- минуталда жаниб 120—130 раг1и кколеб хехлъиялда лъазарурал асарал рит1ун , раг1ун ва чвахун ц1ализе
- хабарияб асаралъе, яги гьелъул цо бут1аялъе план бахъизе;
- жиндирго к1алъаялъе план ургъизе;
- жинцаго ц1алараб асаралъе къимат кьезе, гьеб асаралъул багьадураздехун, лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб жиндирго бербалагьи загьир гьабизе